# С.БАҲАДЫРОВА ЕРТЕК ЖАНРЫ ҲАҚҚЫНДА

**Отениязов Полат Жуманиязович**
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты, Нөкис*

**Аннотация:** Бул мақалада филология илимлериниң докторы, профессор, фольклортаныўшы илимпаз Сарыгүл Баҳадырованың илимий дөретиўшилиги, оның ертек жанры бойынша билдирген ой-пикирлери сөз етиледи.

**Таяныш сөзлер**: қарақалпақ фольклоры, әдебияты, ертек, миф, әпсана, мотив, сюжет.

Н.Рерих атындағы халықаралық, Беруний атындағы Өзбекстан мәмлекетлик сыйлықларының ийеси, жазыўшы, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, филология илимлериниң докторы, профессор Сарыгүл Баҳадырова быйыл 80 жасқа толды. Оның 400 ден аслам илимий жумыслары бар. С.Баҳадырованың «Рәўшан», «Тәғдир» (роман дилогия), «Анама хат», «Ҳаяллар», «Адамды адам бахытлы етеди», «Адам қәдири», «Кешиккен солдат», «Тумарис ҳәм Кир», «Избасар Фазылов жөниндеги эссе», «Суңқар еди қанатынан қайырылған» сыяқлы бир неше повесть ҳәм романлары халқымызға белгили.

1966-жылы С.Баҳадырова Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының Тарийх, тил ҳәм әдебият факультетин питкерген ҳәм Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими, Н.Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтына жумысқа қабылланған. Сол жылы бул илим дәргайында лаборант болып жумыс алып барған.

Илимпаздың кандидатлық ҳәм докторлық диссертацияларына дүньяға белгили илимпазлар илимий басшылық еткен. «Ҳәзирги заман қарақалпақ гүрриңлери» деп аталған кандидатлық диссертациясына академик М.Нурмухаммедов басшылық етти. Докторлық диссертациясына москвалы атақлы тюрколог, профессор З.С.Кедрина илимий басшы болған. 1978-жылы илимпаздың «Роман ҳәм дәўир» атлы монографиясы баспадан шықты.

С.Баҳадырова «Ҳәзирги заман қарақалпақ романлары» атамасындағы докторлық диссертациясын жазыў барысында диссертант тийкарды қарақалпақ фольклорынан изледи, тапты ҳәм дәлийлледи. 1984-жылы «Фольклор жәнe қарақалпақ совет прозасы» атлы монографиясы рус тилинде жарық көрди. Белгили алым З.С.Кедрина «Сизлер өзи турысыңыз бенен фольклорсыз ғой» деген жыллы пикирлерин билдирген. С.Баҳадырова 1987-жылы жақлаған докторлық диссертациясында қарақалпақ романларының тамыры фольклорда екенлигин дәлийлледи. Бул илимий жумыслары бойынша москвалы илимпаз, әдебиятшы Т.Т.Давыдова «Вопросы литературы» журналында «Бул изертлеў

жумысы тек қарақалпақ әдебияттаныў илиминде ғана емес, ал, дүнья филология илиминдеги жаңалық» деп жоқары баҳа берген.

С.Баҳадырова 2001-жылдан баслап узақ жыллар даўамында Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими, Н.Дәўқараев атындағы тил ҳәм әдебият институты директоры лаўазымында жемисли мийнет етти. Институт директоры лаўазымында ислеген дәўиринде қарақалпақ халық дәстанлары «Қырқ қыз», «Едиге»ге бағышланған ҳәм «Қарақалпақ халық творчествосы ҳәм искусствосы» атамасындағы үш халықаралық илимий-теориялық, әмелий конференциясы өткерилди.

Ол С.Ахметов пенен биргеликте қарақалпақ әдебияттаныўы, фольклортаныўында бириншилерден болып «Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлигин» [Ахметов С., Баҳадырова С., 1992. – 152 б] дүзип, баспадан шығарды. Онда илимпазлар ертек жанры, бул жанрдың басқа жанрлардан айырмашылығы, мотивлери ҳәм сюжетлери, образлары, поэтикасы бойынша баҳалы мағлыўматлар берди. Олардың пикиринше, ертеклер фольклорда айрықша орынға ийе. Бул дөретпелер көбинесе қара сөз бенен белгили, күтә сийрек түринде қосық пенен де ушырасады. Ертек деген сөздиң өзи «ерте» деген мәнини аңлатады. Бул термин көпшилик күншығыс халықларына ортақ. Алымлардың атап өткениндей, қарақалпақ фольклорында ертеклер күтә үлкен орынды ийелейди. Олар өзлериниң темасы, мазмунына қарағанда да ҳәр түрли болып келеди. Илимпазлар қарақалпақ халық ертеклерин классификациялық жақтан ҳайўанатлар ҳаққында, қыялый, реалистлик, легендалық ертеклер деп бөлген. Сондай-ақ, олар «әлбетте, қарақалпақ ертеклериниң буннан да басқа түрлериниң болыўы итимал. Басқа халықлардың ертеклери сыяқлы қарақалпақ ертеклери де қоңсы халықлардың ертеклери менен мазмуны жағынан күтә жақын, бул жақынлық халықлардың бир-бири менен араласып отырғанлығынан келип шыққан. Сондай-ақ, қазақ, өзбек халықларында ушырасатуғын гейпара ертеклери қарақалпақлар арасында да кеңнен ушырайды. Бирақ та, қайсы халықта болмасын ертеклер сол халықтың өзине тән өзгешелигин сақлайды, темасы, сюжети, стили жағынан қарақалпақ ертеклери басқа халықлардың ертеклеринен ажыралып турады» деген баҳалы пикирлерин билдирди.

Авторлар қыялый, ҳайўанатлар ҳаққында, турмыс ертеклерине анықлама берди:

«Қыялый ертеклер – фантастикалық-қыялый ойлары күшли, турмыстағы ўақыя ҳәдден тыс қыялый етип берилген, әжайып таңқаларлық сюжетлерди сөз ететуғын ертеклерди атайды. Ертектиң бул түринде қаҳарман бәрқулла айдарҳа, жин, мәстан кемпир, дәў, жезтырнақ т.б. сыяқлы турмыста жоқ ўақыя, қаҳарманлар сөз етиледи. Оларға көбинесе сыйқырлы күш, әрўақ, периштелер жәрдем береди.

Ҳайўанатлар ҳаққындағы ертеклер – ертеклердиң булл түриниң бас қаҳарманлары ҳайўанатлар болып сүўретленеди. Ҳайўанатлардың барлық түри, соның менен бирге қуслар, майда жәнликлер бәри адам образында бериледи. Олардың образы арқалы адамлардың турмысындағы ўақыялар бериледи, адамның кемшилиги үстинен күледи. Бул әдебияттағы тымсал жанрына жақын келеди. «Жолбарыс ҳәм қоян», «Ғарға менен қаршыға», «Бөри менен ийт», «Шонтық түлки» ҳәм т.б.

Турмыс ертеклери – турмыс ҳақыйқатлығына жақын, исенимли ўақыяларға қурылған, турмыста ушырасатуғын сюжетлерди сөз ететуғын ертеклерди атайды. Турмыс ертеклериндеги унамлы ҳәм унамсыз қаҳарманлар турмыста бар қаҳарманлар болып, тийкарғы конфликтте турмыс ўақыяларына қурылады. Унамлы қаҳарман ретинде ақыллы шопан, дана дийқан, ақыллы қыз ҳәм т.б. образлар бериледи, унамсыз қаҳарман ретинде көбинесе зулым патша, ақылсыз бай, дүньяхор саўдагер образы бериледи. Мысалы, «Дийқанның ақылы», «Ата ўәсияты» т.б. ертеклер» [Ахметов С., Баҳадырова С., 1992. – 31 б].

Алымлар ертек жанрының сюжетине де тоқтап өткен:

«Ертектиң сюжети тийкарында шыгарма жазыў, әдебият тарийхында бурыннан бар дәстүр. Халық аўзындағы әпсана, миф, ертеклердиң сюжети жазыўшылардың жаңа шығармасына сюжет болады. Мысалы, Низамий, Техлевий, Наўайы дөреткен «Шаҳнама» дәстанлар циклиндеги Ләйли ҳәм Мәжнүн, Фарҳад-Шийрин ҳаққындағы дәстанлардың сюжети халық аўзындағы әпсаналарға тийкарланған. Бердақтың «Ақмақ патша» дәстаны ертектиң сюжетинде жазылған» [Ахметов С., Баҳадырова С., 1992. – 31-32 б].

С.Баҳадырованың «Жийен жыраў ҳәм Гүлайым ертеги ҳаққында» атлы мақаласында белгили қарақалпақ жыраўы ҳәм шайыры Жийен жыраўдың дөретиўшилиги ҳәм халық аўызеки дөретпелеринен пайдаланыў шеберлиги сөз етилген [Ахметов С., 1993. – 33 б]. Сондай-ақ, «Қарақалпақ қандай халық» [Баҳадырова С., 2017. – 256 б] атамасындағы илимий жумысларының жыйнағы да илим тараўындағылар ушын ылайықлы мийнет болды.

Улыўма алғанда, филология илимлериниң докторы, профессор С. Баҳадырованың илимий дөретиўшилиги, шеберлиги арнаўлы изертлеўди талап етеди.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Ахметов С., Баҳадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1992. – 152 б.

2. Ахметов С. Қарақалпақстан республикасының әдебиятшы-алымлары ҳәм сыншылары. – Нөкис: Билим, 1993. – 136 б.

3. Баҳадырова С. Қарақалпақ қандай халық. – Ташкент: Наврўз, 2017. – 256 б.